

SUWARDI

WARISAN

Geguritan Macapat



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

WARISAN

Geguritan Macapat

Suwardi



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

WARISAN GEGURITAN MACAPAT

Ditertbitkan oleh
Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website. <http://www.balaipustaka.co.id>

BP No. 3050
Cetakan I: 1983

Penulis: Suwardi
viii + 64 Nm, A5 (14,8 x 21 cm)

Penata Letak: Dinda
Perancang Sampul: Hanung Sunarmono
Penyunting: Kunti Suharti

Undang-Undang Republik Indonesia Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta
Lingkup Hak Cipta

Pasal 2

1. Hak cipta merupakan hak eksklusif bagi pencipta atau Pemegang Hak Cipta untuk mengumumkan atau memperbanyak ciptaannya, yang timbul secara otomatis setelah suatu ciptaan dilahirkan tanpa mengurangi pembatasan menurut peraturan perundang-undangan yang berlaku.

Ketentuan Pidana

Pasal 72:

1. Barangsiapa dengan sengaja atau tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dengan Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp1.000.000,00 (satu juta rupiah) atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp5.000.000.000,00 (lima milyar rupiah).
2. Barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 tahun dan/atau denda paling banyak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

BEBUKA

Kathah pangajeng-ajeng supados kita memetri kabudayan. Awit kabudayan punika dados salah satunggaling tuk utawi sumber ingkang tansah ngoncori sarana pandhapuking budi luhur tumraping manungsa.

Buku *Warisan*, karyanipun sedherek Suwardi ingkang isi sekar-sekar macapat, isinipun mengku pepenget. Kadhapuk cara anyar, nyrambahi pinten-pinten prakawis. Sampun tentu iketaning ukara boten saged dipun tandhing kaliyan karyanipun para pujangga jaman Surakarta. Nanging isinipun dipun cundhukaken kaliyan jaman pembangunan ingkang saweg sengkut katindakaken, wiwit saking kitha sumrambah dumugi ing dusun-dusun.

Mila buku ingkang kenthosanipun mengku panglipur, panggulawenthah tumrap pribadi punapa dene tumrap para putra-putri, sarta asipat memetri kabudayan punika pantes kawaos dening sintena kemawon, ingkang kepengin nglipur penggalih, nggulawenthah putra-putri, utawi anenangi semangat pembangunan.

Tumraping pasinaon basa daerah ing pamulangan-pamulangan, buku *Warisan* punika kenging kangge gegaran sawatawis, mewahi buku waosan ingkang sampun wonten. Dene tumraping pawiyatan luhur, Jurusan Basa tuwin Kasusastran Jawi ing Fakultas-fakultas kenging kangge lelianbangan, panaliti utawi nandhing-nandhing. yasan lami tuwin yasan anyar.

Balai Pustaka

PURWAKA

Buku iki ditulis kanggo njawab panguneg-uneg lan angluhe para pinisepuh ing babagan tansaya arange para mudha sing gelem nembang Macapat. Kanthi jumedhule "WARISAN" iki muga-muga Bapakbapak lan Ibu-ibu Guru kersa numangkarake tembang Macapat kang minangka Kabudayan Jawa iki, kanthi ancassing becik ya iku:

Karena maca kidung Macapat kaangkah para rumaja putra lan putri ora krasa yen sejatine dheweke dituturi sing akeh-akeh. Dadi tembang Macapat iki kaajap bisoa kanggo srana mulang muruk lan nggempleng kapribadene pemudha nganti bisa dadi warganegara sing sehat lahir lan batin migunani tumrap nusa lan bangsa kang lagi nedheng-nedhenge grengseng ambangun iki. Saora-orane Macapat bisa melu duwe andhil tumrap perjuangan ing babagan apa kang lagi dibutuhake.

Wasana nyumanggakake.

Pengarang

Naskah iki tau kapacak dening program pemerintah koran lumebu desa "Kandha Raharja" lan "Djaka Lodang".

DAFTAR ISI

BEBUKA	iii
PURWAKA.....	v
DAMARING GESANG	1
TENTREM SAKULAWARGA	3
PANANDHANGE BASA JAWI.....	5
IDHAM-IDHAMANE SI ENOM	7
AJA KELU RUPA BAGUS	8
AJA GAMPANG NGLOKRO	10
DESA GINAWE AYU.....	12
PIANDEL KANG KAPERCEAYA	14
WASPADA DADI SUCI	16
SATRUNE WONG TANI.....	18
KUSUMA MUNGGWING NEGARI.....	20
RUKUN KABEH WARGA	22
TANPA TANDHING AJINIRA	24
mBOYONG DEWI SRI	26
AJAR MACA.....	28
BEKTI KAGEM IBU	30
WELING	32
AJA DHEMEN UTANG	33
GAWE PANGAN	34
PITUTUR	36
AJINE PRIBADI.....	38
MULAT SARIRA	39

NGGEGULANG KASARASAN.....	41
NGIRIT	43
GREGET TAUN ANYAR	44
GODHA LAN TULADHA	46
ORA ANUT GRUBYUG	48
LELAKONE SI SAPI	50
SEMANGAT IBU KARTINI	52
DADYA ROWANG SEJATI	54
REMBUG PRAWAN DHUSUN	56
REMBUG JAKA DHUSUN	58
AMONG TANI.....	60
TAUN ANYAR	61
DESAKU MAJU	62
NJAGA LEMAH.....	64

DAMARING GESANG

Dhandhanggula

1. Jungkat siti panggaraping sabin,
laku saru datan ilok tenan,
tadhah udan seng ginawe,
den ilangana sampun,
awit iku kang dadi ciri,
tumrap manungsa gesang,
awon dadosipun,
lamun saru trus binekta,
iki jeneng nistha kang tanpa upami,
tan pinercayeng liyan.
2. Yen kebacut ora duwe isin,
calon klambi bisa mangan banyu,
bakal cilaka ing tembe,
tempe putih 'ra wurung,
sira dhewe kang nandhang kingkin,
cacat ing salaminya,
wis mesthi keduwung,
ing batinnya bisa perang,
temah nlangsa marang awakira sengit,
tansah kepengin pejah.
3. Mula sira padha ngati-ati,
nggenya ngecakake pasrawungan,
aja nrajang winatese,
mring angger-anggeripun,
dimen ora ngisin-isini,



sokur bage yen bisa,
urun-urun rembug,
najan sembur-sembug adas,
amemayu hayune negara iki,
makarya sabisanya.

4. Sarung jagung godhong gedhang garing,
ora abot sanggane wong gesang,
bisa kepenak larase,
nanging yen lira purun,
amarsudi laku utami,
ngenggoni kalumrahan,
padha-padha sawung,
pamrihmu den limbangana,
ora nggugu marang kerepnya pribadi,
iki minangka jimat.
5. Damar ingkang paring tuduh janmi,
iki ana jrone Pancasila,
ing kono pepak isine,
uwis bener ditanggung,
tumrap kadang wajib ingudi,
ngerti lawan isinya,
lair batinipun,
tanpa iki janma rusak,
bubrah babreh angel banget den dandosi,
donya bakal kiyamat.

BENTREM SAKULAWARGA

Kinanthi

1. Aja pisan darbe kayun,
tan lambaran ati suci,
wit iku bakal rekasa,
ora wurung gawe rugi,
aneng ati 'ra kepenak,
lawas nganti tekan mbenjing.
2. Dadine ketoyong toyung,
mentingke butuh pribadi,
iku cirine wong gesang,
kang adhakan gampang lali,
kena was lara lapa,
nyambut gawe rina wengi.
3. Nanging aja grusa-grusu,
becike dipikir dhisik,
ditliti ditimbang-timbang,
uga taren iku mesthi,
tanggung jawab ora gampang,
ora ngawur waton wani.
4. Dumeh keranjingan butuh,
ora mawas murih becik,
iku merga ati prungsang,
lali tujuane nguni,
kang kanggo pathokan gesang,
tata tentrem lair batin.

5. Amung sepisan uripmu,
dadi lan gagal mung iki,
aja malah kanggo nekat,
nekata marang kang apik,
ora nekat auring kang ala,
iku pantes dipun udi.
6. Iki dudu amung umuk,
nanging kandha sung pepeling,
KANDHA ngudi mrih RAHARJA,
laras penak lamun suci,
tentrem ing sakulawarga,
numusi maring nagari.



PAANDHANGE BASA JAWI

Dhandhanggula

1. Adhuh adhuh teka raga mami,
tansah nandhang papa lan cintraka,
wonten sadina-dinane,
jaman saiki banjur,
nora kendhat anandhang kingkin,
ati tansah nalangsa,
pijer mbung-sinambung,
ora kopen temenanan,
nganti suwe susah temahan njur ringkih,
tansah nampa pangina.
2. Najan malatkung setengah mati,
lamun ingwang datan ketulungan,
banjur kapan gek rejane, sangara bisa thukul,
yen tan enggal dipun pepetri,
kawon lan basa manca, ingkang luwih subur,
aku mung pasrah bongkokan,
kono kono yen trima ingkang nduweni,
aku amung sadrema.
3. Yen trimaa ilange ndhog siji,
kawon karo basa kana-kana,
baya den pithesen wae,
nanging aja njur getun,
lamun mami tumekeng pati,
sira bakal kuwalat,
nora bisa unggul,
ingsun 'ki tetep kuwasa,



mami iki ajine manungsa Jawi,
pusaka sarwa bisa.

4. Sapa sudi mredi mami mesthi,
sugih tata sarta urip mulya,
ingsun bisa paring dhuwet,
'ra pilih pilih unggul,
uga ora kakung ra putri,
ingkang kanggonan ingwang,
mesthi bisa kombul,
njupuka butuhmu apa,
wis cumawis kapustakan basa Jawi,
poma padha ngertia.



IDHAM-IDHAMANE SI ENOM

Sinom

1. Wiwit cilik bocah tansah,
kepengin barang kang becik,
tangane wiwit kranggehan,
sasat menek ancik-ancik,
tan leren anyedhaki,
najan durung bisa mlaku,
ora ketang kethawilan,
pralambang uripnya yekti,
janmi iki tansah duwe dham-idhaman.
2. Si Enom mundhak diwasa,
gegayuhan saya inggil,
pengin nyandhak kekarepan,
gregete asundhul langit,
ra wegah ora wedi,
ati tatag ora mundur,
ruwet renteng dipun udhar,
sagung palang den putungi,
rawe-rawe den rantasi kanggo dalan.
3. Ora sithik coba godha,
ing kang tansah den prangguli,
nanging wekasane bisa,
tampa kanugrahan kasil,
kecandhak kang den esthi,
idhamanira ginayuh,
mula para mudha sira, cancut matak aji-aji,
nora wegah marang pait getirira.



AJA KELU RUPA BAGUS

Kinanthi

1. Aja pisan-pisan gumun,
angadhepi jaman iki,
kutha mompyor pancen nyata,
sesawangan 'keh kang becik,
kabeh iku mung pameran,
pancen kena den gumuni.
2. Nanging coba yen ditlusur,
iku bisa mbebayani,
marmanira kudu bisa,
ing sajrone ngudi ngelmi,
salah weweng singkirana,
sabab akeh sawan manis.
3. Aja kelu rupa bagus,
aja katut tembung manis,
aja nyawang marang bandha,
wong enom 'ja gampang lali,
rupa-rupa sambekala,
kudu kenceng ancas nguni.
4. Sawyer wisa tegesipun,
welingku marang cah manis,
kutha beda karo desa,
lamun sira ngudi ngelmi,
poma-poma ngelingana,
donga kang aneng agami.



5. Jrone ati wong tuwamu,
kalung asta rina wengi,
melang-melang rasanira,
kaya biyung ninggal bayi,
turu aneng pinggir wana,
asu ajag padha muni.
6. Urip aneng donya iku,
yen kebacut dadi ciri,
wong cilaka salaminya,
iki banget mitunani,
batine bakal kesiksa,
mula kudu ngati-ati.



AJA GAMPANG NGLOKRO

Gambuh

1. Ingkang perlu cinatur,
tembang Gambuh kang maweh sesuluh,
najan amung sembur-sembur adas nanging,
lowung kena kanggo sangu, aneng urip dadi conto.
2. Yen ati lagi bingung,
petanana sakehe tingkahmu,
kang kapungkur kudu enggal den beresi,
aja nandho urusanmu,
awit iku bisa ngendhog.
3. Sing kudu disinau,
kang baku kadewasan dhirimu,
marga sira iku padha karo uwit,
ora pijer miyur-miyur,
ngadeg jejeg kudu bakoh.
4. nDedonga iku perlu,
ngrumangsani yen manungsa iku,
kabeh kagungane Ingkang Maha Widi,
sabar nrima lawan nyebut,
ora kena srota-sroto.
5. Yen sira grasa-grusu,
sakeh tindak mesthi gampang kleru,
mangka jeneng kleru iku mbebayani,
tumrap urip bisa kojur,
ora wurung dadi repot.



6. Pitadosa kalamun,
urip iki gampang yen dietung,
kanthi nalar sebab kabeh iku yekti,
ditandangi bisa rampung,
yen awak tan gampang nglokro.



DESA GINAWE AYU

Mijil

1. LKMD saiki wus mijil,
gawe desa monjo,
iki padha dipun tata dhewe,
pager latar kebon dipun predi,
dadi karang-kitri, resep yen dinulu.
2. Tinanduran jeruk pisang cengkih,
nyatane ya awoh,
uga klapa genjah kopi kates,
sakabehe giriawe linuwih,
nanging tetep asri,
nora katon njembrung.
3. Lamun dhusun papan uwis dadi,
seneng ingkang manggon,
thethukulan sajak sarwa pamer,
woh-wohane pancen ngiming-iming,
amung kari methik,
kanggo tambal butuh.
4. Sejatine sinten datan ngerti,
lamun dhusun mono,
sumber butuh sedina-dinane,
awit butuh ora kudu dhuwit,
kebon wus cumawis,
dadi "warung idhup".

5. Ora kleru dhusun iki panti,
ingkang kanggo ngaso,
lamun resik adoh memalane,
prakara kang mligi,
LKMD ngrembug.
6. Bekicot kang tansah sabeng warih,
kanthi gotong-royong,
iki cara ingkang langkung sae,
nyata bakal bisa amungkasi,
ing desamu mesthi,
swarga gnawe ayu.



PIANDEL KANG KAPERCAJA

Kinanthi

1. Priye carane kalamun,
urip aneng jaman iki,
tumrap ingkang para mudha,
uga mungwing para mudhi,
dimen sira kasembadan,
katekan sabarang kalir.
2. Kaleksanan kang ginayuh,
kudu nganggo pait getir,
sadaya sampun sumadya,
kabutuhan jroning urip,
amung kari ngolah cara,
kanthi carane pribadi.
3. Marga rumpil kangge langkung,
mbrangkang menek mlipir-mlipir,
banjur apa sangunira,
ing marga panas kepati,
rubeda sewu cacahnya,
tekane sawanci-wanci.
4. Ora cukup sangu kawruh,
apa maneh amung dhuwit,
tan cukup pawitan bandha,
bandha bisa nyencang pikir,
kejaba mung budinira,
kudu luwes sawung janmi.



5. Ana alam aja gumun,
ana ala ana becik,
pasrawungan engganana,
andhap asor ing pambudi,
perang catur singkirana,
cidra janji aja nganti.

6. Aja susah getun,
lamun sira datang eling,
ring sesaminipun gesang,
awit titah iku sami,
karo awaknya priyangga,
padha-padha butuh urip.

7. Yen ngulati jaman maju,
pikiran 'ja nganti kentir,
awit maju ora gampang,
kudu duwe aji-aji,
piyandel kang kapercaya,
kanggo sangu aneng margi.

WASPADA DADI SUCI

Sinom

1. Sinom paringane bapa,
warisan tumrap wak mami,
ingsun dadekake jimat,
mangkene unine nguni,
heh thole bagus siwi,
lah mangkene critanipun,
papan iki aran donya,
ingkang pepak kebak isi,
mula angger crita iki rungokna.
2. Jaman mengko donya bakal,
klakon ramene kepati,
manungsa padha ramonan,
datan eling marang budi,
mburu gesang pribadi,
tatanan tan den paelu,
nggugu mring angkara murka,
marang kanca 'ra preduli,
gedhor copet maling garong bentayangan.
3. Nanging sira den elinga,
jaganen nggenira urip,
tindak tanduk solah bawa,
iku kudu ngati-ati,
pangaruh ala kuwi,
luwih lembut luwih alus,
nanging yen sira waspada,

bakal dadi wong kang suci,
ngger putraku dadia wong kang piguna.

4. Kalamun sira kuwasa,
ing kono sira den uji,
lamun urip dadi rakyat,
ing kono iya den uji,
spira pamone ati,
gegetih mungging wit pohung,
lemah banyu saupama,
den butuhke wong sanagri,
iku kena kanggo sangu golek ngamal.



SABRINE WONG TANI

Duma

1. Heh keparat ama wereng gal-ugalan,
tansah agawe rugi,
yen tan gelem minggat,
piwalesku rasakna,
tandhing mungsuh raring wong tani,
saeka praya,
bakal barengan kerig.
2. Sida klakon ngicipi mandining obat,
aku ora preduli,
aja takon dosa,
keparat najan nekat,
nanging akal kalah tliti,
coba rasakna,
bangeten ngiwi-iwi.
3. Aja ngewak-ewakake nantang-nantang,
mungsuh dhapurmu kuwi,
ora bakal wegah,
sanajan tekan kapan,
neng kene 'ra kena urip,
sireku bangsat,
kudu tumekeng pati.
4. Ayo kanca ora susah tidha-tidha,
'ja ndadak nganggo miris,
wereng iku ama,
dudu bangsane setan,



Rara Kidul ngumbar dhemit,
nanging mung kewan,
ngrusuhi tandur pari.

5. Golekana pangananmu kang sumadya,
kayu kangkung kang galih,
jrone bumbung wongwang,
neng kono kanggo sira,
aja pati-pati bali,
yen durung ana,
tanggal sewidak siji.



KUSUMA MUNGKUNG NEGARI

Kinanthi

1. Kinanthi pangemut-emut,
paringane guru mami,
pitutur maring siswanya,
kanggo sangu jrone urip,
neng jagate masyarakat,
ingkang cinarita iki.
2. Aja sira gampang umuk,
awit iku mbebayani,
srawungmu sadina-dina,
nyuda prayitnaning ati,
lan bisa gawe cilaka,
ngucemke drajat pribadi.
3. Pisan umuk loro ngglathuk,
tanggung jawab 'ra mungkasi,
gawe rugine wong liya,
najan iki amung cilik,
tumrap sira wus sengsara,
ora pinilih pemimpin.
4. Loro ngglathuk telu ngamuk,
cetha iku ora becik,
najan sira bener pisan,
nanging kudu ngati-ati,
den rembugi nalar sabar,
wis mesthi tanggung le kasil.



5. Ora banjur grusa-grusu,
laku kudu dipun pikir,
ngelingana kabeh janma,
najan pangkat kabeh padha,
butuh urip diajeni.

6. Wus ginambar cetha lamun,
ajine pribadi iki,
dumunung marang solahnya,
uga ala sarta becik,
solah tingkah saben dina,
mula coba mawas dhiri.

7. Aja kendhat anyinau,
ngelmu ingkang wama-warni,
witing pari lemek sega,
pamawase dimen latip,
ngelmuning pusaka janma,
sing dadi pangayom janma.

8. Yen nggugu pitutur ingkun,
mbesuk lamun sira lalis,
ra bakal disingkang-singkang,
asmamu angganda amrik,
anak putu ngirim donga,
kusuma mungwing negari.

RIKUN KABEH WARGA

Dhandhangula

1. Waspadakna gendhis ingkang manis,
saka ngendi sangkan dumadinya,
yen tan metu saka saben,
bapak tani kang nandur,
dipun jaga den uri-uri,
uga tanduran pangan,
dhusun asalipun,
sabin tegal aneng arga,
wuluwetune tansah ambanyu mili,
nyukupi wong sadonya.
2. Iki kabeh kringete Pak Tani,
iya ingkang manggon ana desa,
tata tentrem salawase,
sawangan katon iju,
bisa gawe tentreme ati,
tetanen perkebunan,
dipun angkah maju,
ora keru peternakan,
telu-telune bisa dipun tandangi,
pepak gizining tedha.
3. Pinter-pinter sedulur saiki,
pancen kudu emoh ketinggalan,
seserepan kanggo nggawe,
ngundhakake pametu,
kena kanggo cagaking urip,

wit iku pamarentah,
gedhe paring bantu,
ngukus sega anak landa,
kadang tani pancen kudu ditresnani,
negara dimenreja.

4. Nagri kita kudu bisa mukti,
warga sehat kuwat kalis lara,
mawa mati wesi pantek,
wargane barang maju,
among dagang lan among tani,
guru lan pamong desa,
kabeh padha rukun,
amakarya ora wegah,
ABRI-nira mlebu desa iya wajib,
rukun gawe sentosa.

TANPA TANDHING AJINIRA

Pocung

1. Thole kuncung,
lamun sira ngudi ngelmu,
ja pisan sembrana,
awit ngelmu migunani,
tanpa iki uripmu bakal rekasa.
2. Wit wong sepuh,
ingkang wus bodho kebacut,
anane mung pasrah,
ora bisa angetuni,
marga ngerti getun mhuri tanpa guna.
3. Anak putu,
ora kena melu-melu,
dadi wong kluyuran,
awit marakake lali,
gaweyanmu kudu rampung saben dina.
4. Disinau,
awak aja nganti ngelu,
amrih kabeh lancar,
mula kudu ngati-ati,
saben dina ulah raga dimen kuwat.
5. Lamun esuk,
aja pisan wegah wungu,
banyu aneng njangan,



iki pituduh sayekti,
iku lamun dipun udi apik tenan.

6. Pancen kudu,
solah tingkah ingkang cakut,
jangkahmu sih amba,
golek mulya jaman mangkin,
isih akeh dham-idhaman ingkang mulya.
7. Yekti kojur,
uwong bodho kaya aku,
sasat lawe klasa,
aji godhong jati aking,
eman-eman yen urip ditinggal jaman.
8. Rumangsamu,
apa jaman ora maju,
iki kudu tanggap,
ngelmu perlu kanggo urip,
pawitan kang tanpa tandhing ajinira.

mBOYONG DEWI SRI

Gambuh

1. Yen teka mangsa tandur,
mbakyu-mbakyu tani padha rukun,
rame-rame menyang sabin nyekel winih,
neng ler-leran banjur nyemplung,
ora wedi karo blethok.
2. Wiwite umun-umun,
nganti tekan wis meh wayah surup,
nanging iku linakonan kanthi tliti,
mrih gampang anggone matun,
kudu lempeng ora bengkong.
3. Pak Tani nggawa kenur,
kanggo ngentheng manut marang ukur,
mBakyu Tani jejer-jejer pating jrengking,
iki pancen wajibipun,
sedulur-sedulur wadon.
4. Mangkono critanipun,
ganti-ganti sabulak wis kemptu,
yen sinawang amba nganti khetip-khetip,
katon iju riyu-riyu,
desane katon yen adoh.
5. Ing kono papanipun,
kanggo ajang rejeki kang thukul,
murakabi mring sedulur sanagari,



papan Dewi Sri tumurun,
paring tedha marang uwong.

6. Dewi Sri bakal nesu,
lamun tandur datan dipun rabuk,
sarta nora den upakara kang becik,
Dewi Sri ra bakal mudhun,
gawe Bapak Tani kapok.
7. Tujune padha emut,
warga tani tumandange sengkut,
amrih Dewi Sri nora rumangsa serik,
kanthi nguri-uri tandur,
tekan wiwit dipun boyong.



AJAR MACA

Gambuh

1. Kakang Gambuh yen purun,
aku nyuwun urun-urunipun,
wurukana ajar maca lawan nulis,
dimen aku bisa maju,
ora pijer plonga-plongo.
2. Yen tansah buta huruf,
aku ora bisa ngerti rembug,
apa jane koran mlebu desa kuwi,
dadi uwong kok le cubluk,
lir kodhok kurungan bathok.
3. Kepengin maca kidung,
ngidungake bocah arep turu,
ana koran isine kok sajak wasis,
kaya sing kok waca seru,
aku seneng lamun enjoh.
4. Yen manut rumangsaku,
kaya sing kok wacakke mring aku,
seserepan wama-warna migunani,
marang kabeh pra sedulur,
apik tenan ora goroh.
5. Lagi iki kepencut,
aku pancen wiwit krasa getun,
kena apa ora ajar wiwit cilik,



mula mumpung duwe kayun,
warahana saka ngisor.

6. Najan aku wong dhusun,
gaweyanku tandur karo matun,
nanging aku ora gelem dikon keru,
kaya dhawuhe Bu Dhukuh,
ngajak maju mring wong wadon.
7. Pak Dhukuh uga tau,
dadi guru aparing sesuluh,
apa-apa jare kena dicatheti,
wiwit iku aku bingung,
kapiadreng emoh bodho.
8. Saiki pancen perlu,
uwong wadon kudu ngudi ngelmu,
ora kaya wong wadon dhek jaman wingi,
akeh kang tansah pun kurung,
aneng pawon nguleg lombok.



BEKTI KAGEM IBU

Kinanthi

1. Sembah sujud bekti konjuk,
mugi katur ibu mami,
keng putra sampun rumangsa,
pinaringan gesang mukti,
urip jaman wus merdika,
warisan pra sepuh mami.
2. Nyuwun tambahing pangestu,
kula badhe angayahi,
tanggung jawab marang bangsa,
ugi mring ibu pertiwi,
iki pancen kuwajiban,
keng putra wus kudu ngerti.
3. Sepira awrate ibu,
nambut karya tanpa pamrih,
kang jinangka mung sajuga,
gawe mulya putra-putri,
labuhira kanthi nyawa,
najan abot den lampahi.
4. Cinathet kang resminipun,
dhek jaman Ibu Kartini,
dimen aja ketinggalan,
pra ibu nggone ngestreni,
kakung-putri bebarengan,
mbela nagri kangge siwi.

5. Lamun pra putri tan maju,
bakal ringkih tembe mburi,
awit ibu kang kuwasa,
mulang muruk putra-putri,
guru aneng kulawarga,
kang pawitan jroning urip.



WELING

Kinanthi

1. Dhuh angger dhuh putraningsun,
apa sira uwis eling,
marang sapa biyungira,
lan sapa bapakmu yekti,
ing kang kinarya lantaran,
paring tuladha kang becik.
2. Wong tuwamu iku dudu,
janma ing kang gawe serik,
najan mlarat kaya apa,
laku nistha den singkiri,
lan uga rupa tan pakra,
nanging duwe ati resik.
3. Heh wanti-wanti putraku,
mula aja ninggal weling,
lamun sira gal-ugalan,
apa ing kang bakal prapti,
bapa emoh tanggung jawab,
ngaku putra ora sudi.
4. Ngerti ing donya iku,
rama tapa brata murih,
anak dadya patuladhan,
den paringi wahyu suci,
kena kanggo sangu gesang,
dimen ora gawe isin.

AJA DHEMEN UTANG

Gambuh

1. Mrih aja pijer mumbul,
kabeh sesanggan jrone uripmu,
butuhira den tiliti angati-ati,
aja kongsi waton antuk,
utang banjur gampang tledhor.
2. Utang-utangan iku,
pakulinan kang banget angganggu,
katentreman jrone galih saben ari,
tansah goreng rasanipun,
marakake awak loyo.
3. Upamane kebacut,
sing diarah aja nganti imbuh,
tan wurung ingkang nyaur sira pribadi,
iya lamun sira iku,
isih waras tan ketanggor.
4. Lamun pesthi pinundhut,
yuswanira wis wanci dipuput,
mati iku ora teges anglunasi,
utang nalika uripmu,
kang dadi gawan sing abot.
5. Wiwit iki wis kudu,
karo utang tansah nganggep mungsuh,
awit iku nguripi bangsa rentenir,
uripe padha den emut,
konomi ja nganti bobrok.

GAWE PANGAN

Pangkur

1. Bapak Tani udan udan,
nanging datan duwe tyas wigih-wigih,
kadereng ndang bisa nandur,
ketungkul macul lemah,
nggarap sawah mrih bisa urip kang makmur,
anenandur palawija,
pala kesimpar lan pari.
2. Mangkono slami-laminya,
gesang lulut kalawan sawah tegil,
nggaweke pangan sedulur,
ing kang manggon na kutha,
dadi cagak adeding nagri kang baku,
apa ora jeneng mulya,
mring negara diajeni.
3. Ayem tentrem ora nggrangsang,
najan ana jaman nganeh-anehi,
mung siji kang dipun suwun,
panenan tansah ningkat,
sarap sawan ama kabeh padha sumyur,
iku kang tansah den mengsah,
kang ora bisa dibedhil.
4. Mula pamrentah sumadya,
kabutuhan rabuk alat lan wiji,
uga obat amanipun,



koprasi tani sisan,
kanggo njaga paceklik wus gawe lumbung,
gawe wadhuk agraria,
ben bisa ngoncori tegil.



PITUTUR

Pocung

1. Yen wis cukup,
sira kudu cling umur,
buwangen tumindak,
kabeh kang sarwa mbocahi,
gantenana pakaryan kang sarwa nalar.
2. Iki ngelmu,
kadewasane awakmu,
dimen bisa lancar,
nora tansah mandheg margi,
sira keru kancamu wus ora ana.
3. Yekti kojur,
kalamun tansah ketungkul,
milih dalan gesang,
kewuhan nggone ngantepi,
ngerti-ngerti mogol kabeh nora guna.
4. Marmanipun,
mumpung sira durung rampung.
becik jaga-jaga,
ngantepi dalan sawiji,
durung salin yen durung rampung sajuga.
5. Upayamu,
yen bisa ja tanggung-tanggung,
tansah labuhana,

aja nganti ora dadi,
saka ngisor lagi mengko munggah-munggah.

6. Mandheg mangu,
den brastha anteping kalbu,
pengkuh kukuhana,
nuruti antep sing becik,
marmanira aja cilik nyawang mengsah.



ASINE PRIBADI

Asmaradana

1. Kasmaran laku utami,
marsudi murih sampurna,
dimen kepenak uripe,
najan manungsa tan ana,
kang datan darbe cacat,
nanging kabeh tindak tanduk,
iku bisa den gegulang.
2. Apa dene swara ati,
dadia woting tumindak,
sabab lamun datan nate,
mulat sarira manungsa,
bisa dadi sangsara,
tangeh lamun bisa luhur,
kepara tumibeng nistha.
3. Pancen abot mulang dhiri,
kanggo pawitane gesang,
neng jroning masyarakate,
nanging lamun dipun nalar,
iku conto sembada,
den gugu sarta den tiru,
dadi ingajenan kanca.



MULAT SARIRA

Pocung

1. Pra sedulur,
dimen sira nora getun,
na ing jaman mangkya,
marang panggayuh utami,
tumrap gesang ana alam pasrawungan.
2. Lamun dalu,
saben arsa mapan turu,
wektu kang prayoga,
mulat mring laku kang uwis,
dina mau apa kang wus dipun karya.
3. Laku kleru,
becik tansah sira dulu,
nggo kaca benggala,
pepeling karya ing mbenjing,
kagladhia pakulinan kang prayoga.
4. Lah uripmu,
ora cukup sambat sebut,
lan ngucap nggresula,
wit iku dosa sayekti,
sambat sebut iku cetha wong cilaka.
5. Ora kelu,
marang urip mubra-mubru,
ngawula ing bandha,



nganti lali mring agami,
mangka iku ugering manungsa gesang.

6. Sintenipun,
lamun datan nate emut,
mring atur punika,
tangeh bisa gesang becik,
tansah nglambrang galih datan nate waras.



NGGEGULANG KASARASAN

Maskumambang

1. Badan iki sapa ingkang durung ngerti,
yen tansah pun bekta,
ing salaminipun urip,
apa uwis den gatekna.
2. Raga mono kandhang tumraping penggalih,
kabeh solah bawa,
gegambarane kang ati,
iku ana jrone raga.
3. Mung sawiji raga kudu dipepetri,
murih tansah waras,
kagladhia saben ari,
aneng sabin amakarya.
4. Waras iku pawitane pados tedhi,
adoh mring lelara,
marakake pikir bening,
dadi manungsa prawira.
5. Awak kuwat sehat sarta pikir bening,
srana umur dawa,
sejahtera lair batin,
idhamanira bangsanya.
6. Nambut karya iku kudu angon wanci,
nora kena ngangsa,

galih datan pijer kingkin,
resikan sembarang uga.

7. Aywa suka tansah melek wanci ratri,
awit iku godha,
tumangkarira sesakit,
mula gizi cukupana.



NGIRIT

Pocung

1. Kalanipun,
mangsa paceklik tumurun,
rega barang mundhak,
dhuwe wis tanpa aji,
pra sedulur priye le ngemong kahanan.
2. Yoginipun,
ngirit pancen kudu perlu,
ing sadhengah mangsa,
tan ngenteni suk paceklik,
ekonomi den atur sembarang polah.
3. Mumpung durung,
sungsang jempalik butuhmu,
wektu ja dibuang,
wektu padha karo dhuwit,
lan sembarang iku bisa dipun eman.
4. Mula iku,
sandhang pangan sarta butuh,
ing sadina dina,
iku perlu digemeni,
waton pantes ora ngganggu kasarasan.
5. Tansah emut,
kudu pethel anenandur,
thukulan kang guna,
dimen rejekine mili,
bagas waras sandhang pangan kacukupan.



GREGET TAUN ANYAR

Dhandhanggula

1. Sewu sangangatus wolu siji,
tan rinasa lamun uwis teka,
nggugah greget ingkang gedhe,
tumrap kang darbe kayun,
duwe andhil kang ora cilik,
miwiti amakarya,
dimen bisa maju,
mbuwang sebel taun lawas,
rawe-rawe rantas den putungi sami,
acancut taliwanda.
2. Kandha Raharja maweh pepeling,
asung pambagya tumrap pra kadang,
kadang pradesan mligine,
lamun warsa kepungkur,
iku durung gumregah eling,
gawe tenaga anyar,
mbrastha mandheg mangu,
niyatingsun mbangun desa,
ayo padha bebarengan matak aji,
anggayuh kemakmuran.
3. Gotong royong taun anyar iki,
ora kena kalah mring kang kliwat,
kudu dipun kulinake,
yen warsa enggal njedhul,
maweh pralambang banget becik,

taun kita kang anyar,
iku teges umur,
kadewasanari mundhak,
marmanira kita kudu tambah manis,
sembarang kang den asta.



GODHA LAN TULADHA

Kinanthi

1. Tansah waspadeng pandulu,
ugere manungsa urip,
nalusur marang wardaya,
den tiliti lawan permati,
wit lahir mung manut nalar,
yen pengin dadi wong mukti.
2. Wong urip kudu sing wanuh,
tumrap kabeh kang dumadi,
sabab aneng pasrawungan,
iki amung ana kalih,
yeku godah lan tuladha,
kang kudu kita petani.
3. Sesawangan becik iku,
durung mesthi lamun suci,
mula kudu sing premana,
mrih tan gampang den apusi,
awit setan bentayangan,
golek manungsa kang lali.
4. Mula anggonira ndulu,
mring sadaya kang kumelip,
sarta sakeh kang den asta,
iku kudu dipun saring,
kanthi adhedhasar ngamal,
dimen besuk 'ja kecelik.



5. Ngepring cuwil wohing tanjung,
milah-milah ingkang becik,
iki wajib den gegulang,
ngenggoni sipat kang adil,
iki lamun linakonan,
mesthi akeh wong kepengin.
6. Lambe amben mrica kecut,
aja waton angger muni,
yen ngadika karo kanca,
kudu tanggung anetesi,
den arep-arep buktinya,
awit kandha iku janji.



ORA ANUT GRUBYUG

Dhandhanggula

1. Para mudha ing jaman saiki,
akeh padha mlayu menyang kutha,
murih bisa nyambut gawe,
amung karana sangu,
ijazah kang den piyandeli,
kang pun ajab bisoa,
antuk pangkat dhuwur,
kareben bisa kuncara,
bayar akeh nggone urip bisa mukti,
iku tan ana liya.
2. Datan ana ginambar ing ati,
lamun kutha wus kebak manungsa,
ing kang padha karepane,
prasasat rebut dhucung,
lowongannya dipun cadhanggi,
samengko tan kocapa, direwangi padu,
yen pawitan nora sabar,
bisa was banjur nekat tan preduli,
lali purwaduksina.
3. Jaman iki kita kudu ngerti,
yen pakaryan jebule thukulan,
saka ati mletik dhewe,
jatine ing kang baku,
sugih cara tan pilih-pilih,
tan njagake panglamar,
waton ngangsu kawruh,

iki srana salaminya,
tanpa kawruh janma ora bisa ngerti,
ubete masyarakat.

4. Kena apa datan wiwit iki,
reka-reka golek cara anyar,
lan wawasan kudu duwe,
'ra waton anut grubyug,
bisa ngantepi salah siji,
tolehen raganira,
aja mandheg mangu,
sapira kabisanira,
ayo padha dipun udi nganti tliti,
anggone njunjung tekak.



LELAKONE SI SAPI

Durma

1. Dhuh begjaku urip pisan dadi kewan,
saben dina nyang sabin,
najan wareg mangan,
yen mangsa labuh teka,
hiya aneng wektu kuwi,
aku den peksa,
luku kudu sun tarik.
2. Seneng wedhus padha-padha dadi kewan,
tinimbang dadi sapi,
wedhus ora susah,
mangane ora beda,
kena apa ora adil,
awakku lara,
tansah dipun pecuti.
3. Kebangeten uwong kok ora rumangsa,
yen aku mrebes mili,
nyebut kang Kuwasa,
kapan bisane luwar,
ingsun datan pun cecenggring,
mbok tepa-tepa,
mesakna aku iki.
4. Aku bisa nyambut gawe golek pangan,
ngrewangi kadang tani,
nanging mbok iyoa,
padha enggal gelema,

asih mring bangsaku iki,
aja den jajah,
sun rewangi prihatin.

5. Muga-muga ora suwe bakal teka,
jaman ingkang wus mukti,
sapi lan maesa,
ora anyambut karya,
awit uwis teka mesin,
kang luwih rosa,
begjane kadang tani.
6. Nanging pancen wus tinakdir dadi kewan,
tan kena angungkuli,
uripe manungsa,
bali dadi kuwasa,
ora wurung kewan mesthi,
yen wis 'dha lema,
banjur dipun sembelih.



SEMANGAT IBU KARTINI

Kinanthi

1. Amengeti miyosipun,
Den Mas Suryaningrat putri,
kang tuladha mring wanita,
ya iku Ibu Kartini,
Den Mas Jayaningrat garwa,
ibunya Den Mas Susalit.
2. Putri Mayong kang misuwur,
aneng jamane Welandi,
gawe eram marang bangsa,
ingkang gawe luhur budi,
pra wanita mudha-mudha,
Indonesia dipun pimpin.
3. Nawalanipun puniku,
warisannya kanggo bukti,
isine tepa kang nyata,
grengseng ingkang pijer ndadi,
jiwanira kang prasaja,
pantes padha den enggoni.
4. Iki jaman kang wus maju,
pra wanita nora keru,
niyate kudu makantar,
kanggo mbangun praja iki,
"imansipasi" wanita,
antuk papan ingkang mesthi.

5. Putra-putri kang den asuh,
pra ibu sing kudu mimpin,
iki tanggung jawab praja,
jeneng baku tanpa bandhing,
kanggo beteng praja kuwat,
nambutu karya amumpuni.

6. Panembrama purna sampun,
nyuwun gunging pangaksami,
mring sadaya kalepatan,
pamrihe tembang puniki,
para ibu kang minulya,
mugi kersa samya nyuplik.

DADYA ROWANG SEJATI

Durma

1. Bumi iki ora kena 'nggo jag-jagan,
wit iki papan suci,
sira bakal kwalat,
kesiku mring kang Kwasa,
jalaran pancen tinakdir,
wiwit dhek kuna,
iki papan kang becik.
2. Aja pisan-pisan pengin nyoba ndhustha,
'pa arep nantang pati,
'ki papan satriya,
sarwa bener tindaknya,
mula cepet ndang sumingkir,
sira nggugua,
mumpung durung kaslenthik.
3. Praja iki ora kanggo wong kang sarak,
kang sreji lawan drengki,
nanging lamun sira,
teka arsa kekancan,
seduluran kanthi apik,
iku tinampa,
ingsun tan maekani.
4. Ta rungokna tembang jaman penjajahan,
sapa sarak den usir,
yen tan gelem pasrah,
dadi warga negara,

prikamanungsan wus mesthi,
emoh kanggonan,
angkara murka iki.

5. nJajah bangsa iki cara ingkang nistha,
saiki 'ra njamani,
awit bisa wirang,
bangsa-bangsa sadonya,
mesthi bakal ngisin-isin,
PBB uga,
cawe-cawe mungkasi.
6. Ning saiki bangsa aman 'dha kekancan,
ngadhepi urip iki,
padha bebarengan,
tumandang warna-warna,
muga-muga tansah eling,
kang gal-ugalan,
dadya rowang sejati.



REMBUG PRAUAN DHUSUN

Pocung

1. Dhuh kakangku,
apa sira uwis weruh,
aku bocah ndesa,
lir sampeyan kuwi ugi,
wiwit cilik melu bapa menyang sawah.
2. Sekolahku,
mung SMP durung tutug,
awit kurang wragat,
wong tuwaku ora sugih,
mula kakang tresnamu apa temenan.
3. Pangajapku,
yen saguh 'ja tanggung-tanggung,
nuruti wak ingwang,
panjalukku siji iki,
urip tentrem nggarap sawah lan tegalan.
4. 'Ra setuju,
lamun sira dadi buruh,
gaweyan nyang kutha,
wit aku iki wong tani,
aku emoh ninggalke sawah garapan.
5. Ora wurung,
kita bakal duwe turun,
mangka menyang kutha,

kapinteranmu mung tani,
apa sira bisa nyekolahke anak.

6. Alasanmu,
sawahe wis padha didum,
lan didegi omah,
dienggoni kadang sami,
kakang ayo transmigrasi nyang Sumatra.



REMBUG JAKA DHUSUN

Pocung

1. Adhuh gendhuk,
pancen kowe bocah ayu,
wis aja sumelang,
kakangmu iya wong tani,
'ra-orane tinggal glanggang menyang kutha.
2. Tani ngluruk,
nyabrang segara ya purun,
angger ora pisah,
sliramu maring wak mami,
ayo padha bebarengan urip anyar.
2. 'Cen tekadku,
nyawiji maring sliramu,
barengan bebadra,
babat alas amiwiti,
mula ayo nyuwun pangestu mring bapa.
4. Wus begjaku,
kaya tumbu oleh tutup,
ketemu mring sira,
nam-naman wilahing epring,
uwis gedheg karo anthuk padha-padha.
5. Iki luhur,
lan aku ya matur nuwun,
pinaringan dalan,

duwe pikiran kang mletik,
kanugrahan kanggo golek katentreman.

6. Bocah ayu,
aku kepengin angrengkuh,
lan saiki sumpah,
sega brekat dibunderi,
golong gilig niat kudu kasembadan.



AMONG TANI

Gambuh

1. Wanci udan tumurun,
ron-ron akeh ingkang padha trubus,
among kisma among tani padha nliti,
menyang sabin manggul pacul,
ulah pakaryan kang abot.
2. Pethel nggenira nandur,
mrih butuhe kulawarga cukup,
akeh jinis thukulan kang migunani,
den butuhaken sedulur,
dagangan kang payu didol.
3. Mangkono critanipun,
bapa tani ingkang tansah tuhu,
milih bibit tahan wereng ingkang becik,
mituhu mrih bisa maju,
ora cukup amung waton.
4. Caranipun nenandur,
'intensifikasi' kang den anut,
ngupakara ngelep ngrabuk sarta ndhangir,
iku kabeh den sinau,
manut cara ingkang cocok.
5. Lan mbrastha amanipun,
kanthi cara bareng lan bersatu,
'panca usaha' pada den pundhi-pundhi,
'tani maju' kang ginayuh,
urip makmur 'ra mung ndobos.

TAUN ANYAR

Pangkur

1. Warsa kang minangka batas,
yuswa tumrap kabeh ingkang kumelip,
den waca sinawung pangkur,
minangka kang pangangkah,
murih bisa piguna tumrap sliramu,
taun anyar dadi tandha,
manungsa kudu sing eling.
2. Lamun yuswa tambah tuwa,
ingkang mudha dadi dewasa yekti,
ingkang tuwa tambah pikun,
kabeh lumaku rancag,
taun anyar bebarengan dipun pethuk,
nanging aja mung mahargya,
ingkang ora migunani.
3. Becikira ngulatana,
taun wingi apa kang wus den udi,
kanggo ngrancang ingkang durung,
perlu 'nggo tetimbangan,
pengalaman iku dadi tuladhamu,
taun anyar kudu beda,
dipun esthi luwih becik.



DESAKU MAJU

Kinanthi

1. Desaku wus katon maju,
beda karo jaman dhisik,
sabarang wus katon mubyar,
kabeh sarwa dipun tliti,
awit saka paguyupan,
kang tansah anyambut kardi.
2. LKMD ingkang njurung,
mimpin rakyat dadi wakil,
tansah paring penerangan,
nyatane pancen ya kasil,
desa dadi patuladhan,
omah-omah katon risik.
3. Mula aja padha gumun,
sapa wonge ora pangling,
ora kalah karo kutha,
bareng desa ana listrik,
kendharaan ora kurang,
uga akeh televisi.
4. Wargane wis duwe lumbung,
arisan iya wis dadi,
modhale sawah kas desa,
keamanan dipun jamin,
duwe kolam perikanan,
asile nggenya koprasi.

5. Lan Puskesmas klinikipun,
tetulung warga kang sakit,
gawe wonge padha krasan,
melu KB ora wedi,
sing buta hurup wis sadhar,
akeh ingkang transmigrasi.



NJAGA LEMAH

Megatruh

1. Siti kang siniram banyu udan iku,
ing sawanci-wanci yekti,
gawe wiji sigra thukul,
migunani mring wong urip,
gawe krasan mring kang manggon.
2. Papan kuwi becik aja dipun gundhul,
awit gundhul mbebayani,
tetuwuhan dipun rabuk,
aja malah den tegori,
iku marakake longsor.
3. Penghijauan lamun datan dipun gugu,
iki gampang ana banjir,
ora bisa nyimpen banyu,
kang njalari lemah keli,
sebab ora ana oyot.
4. Yen mengkono yekti banjur larang banyu,
jalaran si banyu iki,
lamun udan mblandhang terus,
atus lemahe njur garing,
tan den simpen dening oyot.
5. Seserepan program iki pancen perlu,
najan mekar teknologi,
flora pancen tetep perlu,
mbarengi mekare janmi,
dimen lemah ora ambrol.





Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>